

Gusaba kuba umunywanyani muri You First

Urasabwa kwuzuzwa no kugarukana ubu busabe:

Ikete : Vermont Department of Health, PO Box 70 Drawer 38 (YF), Burlington, VT 05402-0070

Fax: 802-657-4208

Ku bantu bagendana ubumuga bwo kutumva canke batumva neza, murasabwa gukoresha serivisi yo gutumanako ya Vermont kuri 711 hanyuma bagatanga numero yacu: 1-800-508-2222.

Nimba ufise ibibazo canke ukeneye serivisi z'umusiguzi, akura 1-800-508-2222. Urasabwa kuvuga ururimi rwawe hanyuma tuzoguhuzza n'umusiguzi.

Igice ca 1: Ibikwerekeyeko

Izina ry'iritazirano:

Izina:

Izina wipfuza ko abakozi ba You First bakoresha:

Itariki y'amavuko (ukwezi/itariki/umwaka):

Inomero yo kwitegekanyiriza (XXX-XX-XXXX):

nta numero yo kwitegekanyiriza mfise

Insigarirazina:

we/wewe

we/wewe

bo/bobo

n'izindi (urasabwa kuzigaragaza):

aderese y'ibarabara:

ubu nta aderesi ihoraho mfise

Umuji/Igisagara

Reta:

Kode ya zip:

Aderese yoherezwako amakete (iyo itandukanye n'iyiri hejuru):

Aderese imeri:

Nomero ya terefone:

(____) _____ - _____

Inzu Akazi Terefone ngendanwa

Twosiga ubutumwa kuri Terefone?

Ego Oya

Ni ubuhe buryo bwo guhamagarwa uhitamwo?

Terefone imeri Ubutumwa Kw'iposita

Ufise inkomoko y'umu Latino canke umu Hispanic?

Ego Oya mpisemwo kutishura

Ni ubuhe bwoko bukuranga?

(Urasabwa gushira akamenyetso ahabereye hose)

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Umuzungu | <input type="checkbox"/> Umusangwabutaka, umunyamerika akomoka mu buhindi, canke yavukiye muri Alaska |
| <input type="checkbox"/> Umwirabure canke umunyamerika akomoka muri Afrika | <input type="checkbox"/> Sindabizi/Sindabizi neza |
| <input type="checkbox"/> Umunya Aziya canke umunyamerika akomoka muri aziya | <input type="checkbox"/> Mpisemwo kutishura |
| <input type="checkbox"/> Yavukiye muri Hawii canke mu mazinga ya Pacific | <input type="checkbox"/> Izindi (Urasabwa kuzigaragaza) |

Ni uruhe rurimi uhitamwo guhanahanamwo amakuru mu buryo bwanditse canke bwo kuvuga?

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Icongereza | <input type="checkbox"/> Ikinya Nepal |
| <input type="checkbox"/> Iki Esupanyore | <input type="checkbox"/> Igisomali |
| <input type="checkbox"/> Icarabu | <input type="checkbox"/> Ikirundi |
| <input type="checkbox"/> Igifaransa | <input type="checkbox"/> Izindi (Urasabwa kuzigaragaza) |

Urashaka ko tuguhamagarira umusiguzi?

Ego Oya

Amashure menshi wize ni angahe?

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Musi yicicar ca 9 | <input type="checkbox"/> Koreje zimwe na zimwe |
| <input type="checkbox"/> Amashure amwe namwe y'isumbuye | <input type="checkbox"/> Impamyabushobozi ya Koreje |
| <input type="checkbox"/> Impamyabushobozi y'ishure ryisumbuye | <input type="checkbox"/> Sindabizi/Sindabizi neza |
| | <input type="checkbox"/> Mpisemwo kutishura |

Woba uri mu bahuza ibitsina babisangiye LGBTQ+?

(Abakobwa bakundana, abahungu bakundana, abakunda ibitsina vyose, abiyumvamwo igitsina kitari ico bafise, abahuza ibitsina mu buryo butamenyerewe)

Ego Oya mpisemwo kutishura

Urafise ingorane ku mubiri,izo mumutwe, izo kwiga, canke ingwara y'ibishobisho canke ubumuga?

Ego Oya
 Mpisemwo kutishura

Umugambi wa You First urabaza amakuru bwite y'umuntu yerekeye akabira, ubwoko, amashure yize, igitsina yiyumvamwo, ibijanye n'igitsina, ubumuga agendana, hamwe n'ururimi kugira twizere ko turiko turashika ku banyarwanda bese bemerewe muri uyu mugambi. Inyishu zawe ni nkenerwa ku mugwi wacu mu gikorwa cacu kugira tugabanye ubusumbane bushobora kwirindwa mu bijanye n'amagara y'abantu, ariko urashobora guhitamwo 'kutishura' mu mahitamwo y'inyishu.

Igice ca 2: amafaranga winjiza

Amafaranga urugo rwinjiza yose hamwe imbere yuko akurwako ikori: \$

- buri mwaka buri kwezi buri ndwi buri ndwi yindi

Igitigiri c'abantu bose hamwe batunzwe nayo mafaranga winjiza:

(harimwo wewe ubwawe, umugore/umufasha, abana, canke abandi batunzwe nayo mafaranga winjiza)

Igice ca 3: ukwitegekaniriza mu buvuzi

Urafise ukwitegekaniriza mu buvuzi?

- Ego, ndafise ukwitegekaniriza mu buvuzi.
 Oya, ubu nta kwitegekaniriza mu buvuzi mfise.

Nimba ari Ego, urasabwa kwuzuzanya hepfo:

Izina rya kompanyi yo kwitegekaniriza:	Igihe buzatangurira gukora:
Izina rya nyene itegeko ntegabizozwa:	inomeru y'iryo tegeko ntegabizozwa/ karangamuntu:
Umugwi canke nomero ya konte:	

Igice ca 4: Amakuru y'amagara

Urafise, canke warigeze kugira, amabere canke ingeramyi?

- Ego Oya

Urafise umuganga canke uwujijwe kukwitaho mu buvuzi?

- Ego Oya

Nimba ari Ego:	Izina ry'ibiro: Aho ibiro biherereye (umuji/igisagara):
Nimba ari Oya, urakeneye ubufasha bwo kuronka umuganga?	<input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya

Ni ryari ibipimo vyawe vyanyuma vy'igitereko canke imigera biheruka

- Nta na rimwe ndipimisha igitereko /imigera
 ndamaze kubagwa mu gitereko

Igenekerezo:

- Sinzi neza itariki

Aho ariho:

Urafise impungenge zo mu gitereko canke ingorane za vuba zo mu gitereko canke ibipimo?

- Ego Oya

Ni ryari uheruka kwipimisha amabere ubwa nyuma?

- Sindipimisha amabere na rimwe narabazwe ibere

Igenekerezo:

- Sinzi neza itariki

Izina ry'ibitaro:

Hari impinduka izo arizo zose z'ibere ufise, impungenge, canke uraheruka kwipimisha ibere?

- Ego Oya

Usanzwe ukoresha ubwoko ubwo aribwo bwose bw'itabi (nk'isigarete, sigare, canke ibikoresho vyo kwiyeza?)

- Ego Oya
 Mpisemwo kutishura

Nimba ari Ego, turashobora kukurungika kuri 802Quits? 802Quits izoguhama gusa kuri terefone hanyuma isige ubutumwa bugufi mugihe izoba ikubuze.

- Ego Oya

You First wayimenye gute?

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Nari umunywanyani mbere | <input type="checkbox"/> Umuganga, umuforoma, ivuriro (vuga iryo ariryo): |
| <input type="checkbox"/> Umugenzi canke uwo dufise ico dupfana | <input type="checkbox"/> Amatangazo amanitse canke udupapuro duto |
| <input type="checkbox"/> Kurondera ku ngurukanabumenyi | <input type="checkbox"/> Facebook canke imbuga hwaniro |
| <input type="checkbox"/> Kumenyekanisha ku ngurukanabumenyi | <input type="checkbox"/> Imboneshakure canke iradiyo |
| <input type="checkbox"/> Pride center ca Vermont | <input type="checkbox"/> ibindi (bivuge): |

Igice ca 5: Uruhusha rw'umunywany - Uburenganzira hamwe nivy'ategerezwa

Mu gutera igikumu kuri ubu busabe bwo kwemererwa, ntanze uruhusha rwo kwandikwa mu mugambi wa You First. Nemeye ko nujuje ifishe yo gusaba kwemererwa hamwe n'amakuru y'ukuri nkuko ndayazi. Mpaye uruhusha You First rwo kuronka hamwe no gusangiza amakuru y'ubuvuzi yanje.

Mpaye uruhusha umuganga wanje, ivuriro, ibitaro, isuzumiro, hamwe n'imigambi ijejwe amagara gusangiza amakuru yanje n'umugambi wa You First, kugira bizere neza ko ndonswa ukwitabwaho kubereye kandi kugira You First ishobore kuriha inyemezabuguzi zanje zo kwa muganga.

Mpaye you First uruhusha rwo gusangiza amakuru yanje y'ubuvuzi yerekeye ibere hamwe na cancer yo mu gitereko, ibipimo vy'ibimenyetso vy'ingwara y'umutima, hamwe n'isuzuma n'ubuvuzi bukorwa n'umuganga wanje, umuforoma, ibitaro, ivuriro, n'abajejwe kunyitaho barabwa nivyerekeye amasuzuma hamwe n'ubuvuzi.

You First ifashwa mu buryo bw'amafaranga n'igisata kijejwe kugwanya ingwara hamwe no kuzirinda (CDC) cegeranya amakuru avuye muri You First yerekeye uko ayo mafaranga akoreshwa Mpaye uruhusha You First rwo gusangiza amakuru yanje aterekana uwo ndiwe kuri CDC. "kuterekana uwo uriwe" bisigura ko tuzokingira amakuru bwite yawe mu guhisha canke gukurako amakuru amenyeshya abantu uwo uriwe.

Ndatahura ko niyandikishije mu gisata kijejwe amagara y'abantu ca Vermont mu mugambi wa You First, ntanze uruhusha kuri uyo mugambi rwo gusangiza amakuru yerekeye ukwemererwa kwanje ku yandi mashirahamwe ajejwe ibikorwa vy'abantu muri Reta ya Vermont (AHS) mu guhuza ibikorwa.

Amakuru yanje bwite y'ubuvuzi azokingirwa hisunzwe amategeko ya AHS agenga amakuru bwite y'abantu hamwe n'ayandi mategeko akoreshwa.

Nararonkejwe ikopi ya AHS y'imenyeshya ry'amategeko agenga amakuru bwite.

Ndatahura ko mfise uburenganzira bwo kuva mu mugambi wa You First. Mu gihe ntazoba ngishaka kuba mu mugambi, nzorungika ikete canke nakure You First kugira bankuremwo. Urasabwa kurungika ikete ku gisata kijejwe amagara y'abantu ca Vermont, agasandugu k'amakete Box 70, Drawer 38, Burlington, VT 05402-0070 canke wakure umuhuzabikorwa wacu kuri 800-508-2222.

Igikumu: _____ **Igenekerezo:** _____

Urasabwa gutera igikumu no kurungika umugereka kw'ishirahamwe rijejwe ibikorwa vy'abantu imenyeshya ry'amategeko agenga amakuru bwite.

Ibikumu vyo mu buhinga bwa none ntivyemewe. Urasabwa kwakura umugambi wa You First mu gihe ufise ibibazo ivyo arivyo vyose kuri 1-800-508-2222.



Itangazo kw'ikoreshwa ry'amakuru bwite y'ibanga mw'ishirahamwe rijejwe ibikorwa vy'abantu

Iri tangazo rizotangura kuja mu ngiro kw'igenekerezo rya 1 Ruheshi 2022

IRI TANGAZO RIRASIGURA UKO AMAKURU YO KWA MUGANGA, HAMWE N'AYANDI MAKURU BWITE AKURANGA ASHOBORA GUKORESHWA HAMWE NO GUSHIRWA AHABONA HAMWE N'UKUNGENE USHOBORA KURONKA AYO MAKURU. URASABWA KWONGERA GUSOMA WITONZE.

"Turi" ishirahamwe ry'ibikorwa bigenewe abantu (AHS). Muri AHS harimwo Igisata Kijejwe Abana hamwe n'Imiryango; Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu Zabukuru hamwe n'Ubuzima bw'Ukwirwanako, Igisata Kijejwe Amagara y'Abantu; Igisata Kijejwe Indwara zo mu Mutwe; Igisata Kijejwe Amabohero; hamwe n'Igisata ca Vermont kijejwe ukwivuzura. Mu bafatanyabikorwa hamwe n'abagenerwabikorwa bacu harimwo abajewe ibikorwa hirya no hino i Vermont,

nk'ibigo bifasha abavyeyi n'abana, ibigo bifasha abakuze ku murango, hamwe n'ibigo bijewe indwara zo mu mutwe mu kibano.

Mu gihe tuzoba turiko turagukorerwa ibikorwa bijanye n'amagara hamwe n'ikibano, tuzoronka amakuru yawe bwite akuranga (amakuru akuranga), hamwe n'amakuru ajanye n'amagara rimwe na rimwe, akwerekeye. Amategeko ya Reta Zunze Ubumwe hamwe n'aya Reta adusaba gukingira aya makuru harimwo n'itegeko rya Reta Zunze ubumwe rikingira amakuru akomeye y'umugwayi gushirwa ahabona ryo mu 1996 rizwi nka HIPAA ("Amategeko agenga ubuzigamabanga").

Iri tangazo rirakumenyeshya ivyerekeye uko dushobora gukoresha canke gusangiza amakuru yawe bwite/canke amakuru yawe yerekeye amagara yawe hamwe n'igihe tudashobora kubikora. Rirakumenyeshya kandi ivyerekeye uburenganzira bwawe. Amategeko adusaba ko tuguha iri tangazo. Amategeko adusaba gukurikiza amategeko ajanye n'iri tangazo akoreshwa muri iki gihe.

IBIKORWA VY'UMUSOBANUZI W'INDIMI BIRAHARI KU BUNTU

Urasabwa kutubwira nimba ukeneye umusobanuzi w'indimi canke ubundi bufasha kugira usome kandi utahure iri tangazo.

Ibijanye n'ukungene dufata ubuzigamabanga bw'amakuru yerekeye amagara:

Urupapuro 1-3

Uko dufata muri rusangi amakuru bwite aranga umuntu:

Urupapuro 4

UKO DUKORA KU BIJANYE N'UBUZIGAMABANGA: AMAKURU YEREKEYE AMAGARA

1. Ni ayahe makuru anyerekeye ajanye n'amagara AHS ifise?

Wewe canke abandi bantu barashobora kuduha amakuru yerekeye amagara yawe hamwe n'ubuvuzi mu gihe wanditse usaba canke uronswa ibiva mu bikorwa vyacu. Muri ayo makuru harashobora kuba harimwo amakuru yerekeye amasuzuma wakorewe, ubumuga ugendana canke ubuvuzi waronkejwe. Muri ayo makuru kandi harashobora kuba harimwo amakuru yerekeye ubutunzi hamwe n'amafagitire.

2. Ni ayahe makuru yerekeye amagara AHS ikoresha kandi igasangiza?

Dukoresha kandi tugasangiza gusa amakuru yerekeye amagara make ashoboka abakozi bacu canke abafatanyabikorwa bakeneye kugira bakore akazi kabo.

3. Ni ryari AHS ikoresha canke igasangiza amakuru yerekeye amagara yanje?

Turashobora gukoresha no gusangiza amakuru yerekeye amagara yawe mu kuvura, kuriha, canke mu bikorwa vy'ubuvuzi biba birimwo integuro y'ibikorwa hamwe n'ubuyobozi bwa AHS.

Nk'akarorero, turashobora gukoresha amakuru akwerekeye ku mvo zikurikira:

- Kugira turabe ko ufise uburenganzira bwo kuronswa amaseruise canke imfashanyo
- Kugira dutanguze kandi dutange amaseruise ahuye n'umuntu kanaka canke integuro z'ubuvuzi.
Nk'akarorero, turashobora gusangiza amakuru yawe mu gukora integuro y'ukungene wovurwa turi kumwe n'abaforoma, abaganga hamwe n'abandi bakozi bakora mu bijanye n'amagara y'abantu basanzwe bakuvura.
- Kugira tukwibutse gahunda y'umubonano ufise.
- Kugira tukubwire ayandi maseruise afasha ategakanijwe canke ubuvuzi bushobora kuba ngirakamaro kuri wewe canke umuryango wawe.
- Kugira amaseruise yawe arihwe.
Nk'akarorero, umuganga wawe arashobora kuturungikira amakuru yerekeye amagara yawe kugira dushobore kumuhamba. Turashobora kandi gusangiza amakuru yerekeye amagara yawe n'abafatanyabikorwa kugira bashobore kuduhembera muganga wawe.
- Kugira turangure ibikorwa vyacu kandi dutunganye imigambi yacu. *Nk'akarorero, turashobora gukoresha tukongera tugasangiza amakuru yerekeye amagara yawe kugira turabe neza ko abantu bajewe kukwitaho bagukorerwa ibikorwa vyo ku rwego rwo hejuru kandi bahembwe vyihuse kandi neza. Turashobora gukoresha no gusangiza amakuru yawe kugira turabe neza ko*

uronka amaseruvise wemerewe n'amategeko hamwe no gusununura ibikorwa ukorerwa.

4. Hari ibindi bihe AHS ikoresha kandi igasangiza amakuru yerekeye amagara yanje ataruhusha ibanje kunsaba?

Ni gake dukoresha kandi tugasangiza amakuru yawe ataruhusha tugusavye. Rimwe na rimwe amategeko aratwemerera canke akadusaba kubikora.

Turashobora gusangiza amakuru yawe ataruhusha uduhaye ku mvo [bwite](#) zikurikira:

- Turi kumwe n'umuntu wo mu muryango wawe canke umuntu uwo ariwe wese wihitanyemwo, wa nkenerwa ku bikorwa akora mu kukwitaho canke mu kuriha ibikorwa ukorerwa.
- Mu kumenyeshya umuryango wawe canke uwundi muntu ajejwe kwitaho ukuvurwa kwawe akarere uherereyemwo, uko umerewe canke urupfu rwawe.
- Ku, muyobozi ajejwe amaziko, canke umuganga ajejwe isuzuma akeneye ayo makuru kugira arangure ibikorwa vyawe mu gihe hari umuntu yitavye Imana.
- Ku bijanye n'inshumbusho y'umukozi canke iyindi imigambi isa niyo.

Turashobora gusangiza amakuru yawe ataruhusha uduhaye ku mvo [zidasanzwe](#) zikurikira:

- Ku mvo zijanye n'ibikorwa vy'amagara y'abantu nko kwirinda canke kurwanya indwara, mu gufasha ku bijanye no gukura kw'isoko ibidandazwa, mu gutanga amakuru ku ngaruka z'imiti, igikomere canke ubumuga, hamwe no kubika amakuru ya nkenerwa y'ibintu nko kuvuka hamwe no kwitaba Imana.
- Ku mvo z'ubushakashatsi, zigengwa n'amategeko atomoye.
- Ku mashirahamwe akora ibikorwa bijanye no guhanahana ibihimba vy'umubiri hamwe no kuvyimurira mu bandi bantu.
- Mu gihe bisabwe na sentare canke ari itegeko ry'ubuyobozi, vyategetswe, vyasabwe ku mvo z'ubushakashatsi, canke mu bindi bikorwa bisa n'ivyo.
- Ku nyamiramabi mu gihe bisabwa n'amategeko.
- Mu kuvuga icaha cakorewe aho dukorera canke cakorerewe umukozi wacu.
- Mu kuvuga ko ikubagurwa, ukutitaho, canke ikubagurwa ryo mu ngo vyabaye ubibwira ubuyobozi bubereye.
- Kw'ishirahamwe rijejwe kugukurikira mu bikorwa mu gihe vyemewe n'amategeko nko mu gihe c'igenzura hamwe n'amatohoza.
- Ku bushikiranganji bwa Reta Zunze Ubumwe bujejwe amagara y'abantu hamwe n'ibikorwa kugira busuzume ibijanye no kwubahiriza amategeko canke mu gutohoza ku vyadomweko urutoko kiretse mu gihe uri mu basavye canke wanditswe mu nteguro y'ukwitegekaniriza mu buvuzi ku bimukira bafise amakuru abujijwe gushirwa ahabona hisunzwe itegeko rya 33 VSA § 2092(c).
- Mu kwirinda akaga gakomeye ku bijanye n'amagara canke umutekano w'umuntu canke abantu, canke mu kwubahiriza itegeko ry'umucamanza ku mvo zijanye no kwubahiriza amategeko.

Mu kurangura ibikorwa bidasanze vya Reta, nko gukingira abakozi ba Reta, ku neza y'umutekano w'igihugu, ku neza y'ibikorwa vya gisirikare, hamwe n'amabohero ku mvo zimwezimwe.

- Ku mashirahamwe ajejwe kugenzura ibijanye n'amagara y'abantu ku bikorwa vyemewe n'amategeko.
- Ku rindi shirahamwe ritanga imfashanyo za reta ku banyagihugu, ryubahirije ivyisungwa mu kwemererwa canke mu kumenyeshya amakuru yerekeye ukwiyandikisha, hamwe no guhuza ibikorwa neza, gutanga hamwe no gutunganya imigambi ya Reta.

kiretse ku mvo zavuzwe muri iri tangazo, canke zemewe n'amategeko, nituzokoresha canke ngo dusangize amakuru yerekeye amagara yawe tudafise uruhusha rwawe rwanditse.

5. Bigenda gute mu gihe hari uwundi muntu akeneye amakuru yerekeye amagara yanje?

Urashobora gusaba ko dutanga amakuru ku bandi bantu, canke turashobora kugusaba uruhusha rwo kuyatanga. Imbere yo gusangiza amakuru ayo ariyo yose, uzosabwa gutera igikumu kw'ifishe yo kubitangira uruhusha. Iyo fishe yo kubitangira uruhusha iratubwira amakuru dusangiza, imvo zitumye asangizwa, hamwe n'ico uwo muntu tugiye kuyasangiza ari. Urashobora gutesha agaciro uruhusha watanze umwana uwo ariwo wose.

6. Ndashobora guhitamwo umuntu anserukira mu kubikora?

Iyo wahaye umuntu ububasha bwo kukwunganira mu buvuzi canke mu gihe umuntu ariwe akwunganira mu mategeko, uyo muntu arashobora kuguserukira mu gufata ingingo hamwe no guhitamwo ku vyerekeye amakuru ajanye n'amagara yawe. Tuzokora ibishoboka vyose uwo muntu aronke ububasha kandi ashobore kuguserukira imbere yo gufata ingingo iyo ariyo yose.

7. Ndashobora kubona amakuru yerekeye amagara yanje?

Kenshi na kenshi, urashobora kubona amakuru yerekeye amagara yawe. Utegerezwa gusaba umukozi ajejwe ubuzigamabanga, mu buryo bwanditse, kuyabona canke kuronswa ikopi yayo (raba amakuru ajanye naho womuronderera ku rupapuro rwa 3) Tuzotanga ikopi canke incamake y'amakuru yerekeye amagara yawe hamwe n'igitabo c'ivyasabwe gushirwamwo, muri rusangi mu gihe c'imisi 30 uhereye igihe wabisabiye. Urashobora kandi gusaba ikopi zo mu buhinga bwa none dufise mu buhinga bwa none. Imvo z'umutekano canke izindi mvo zijanye n'amategeko zirashobora kugabanya amakuru ubona.

Turashobora kuguca amafaranga ajanye n'izo kopi ku giciro kibereye.

8. Ndashobora guhindura amakuru yerekeye amagara yanje?

Mu gihe wibaza ko amwe mu amakuru yerekeye amagara yawe atari yo, urashobora gusaba mu buryo bwanditse ko tuyakosora canke tukongeramo amakuru mashasha. Urashobora gusaba ko turungika amakuru akosoye canke amakuru mashasha ku bandi bigeze kuronswa amakuru yerekeye amagara yawe natwe.

Turashobora kudahindura canke ngo twongeremwo mu gihe twe tubona ko ayo makuru ariyo kandi yuzuye canke ku zindi mvo. Mu gihe tutemeye guhindura amakuru yawe, tuzokubwira, mu buryo bwanditse kenshi mu kiringo c'imisi 60, igituma tutavyemera. Turandika kandi mu makuru yawe ko wadusavye guhindura amakuru yawe kandi ko tutemeye kuyahindura.

9. Ndashobora gusaba AHS kugabanya uko ikoresha kandi isangiza amakuru yerekeye amagara yanje?

Urashobora gusaba ko tugabanya uko dukoresha kandi tugasangiza amakuru yerekeye amagara yawe. Ubusabe bwawe butegerezwa kuba bwanditse kandi butubwira ivyo ushaka ko bibuzwa. Tuzokwihweza ivyo wasavye ariko ntidutegerezwa kuyemera.

10. Ndashobora gusaba ko AHS ihanahana amakuru nanje mw'ibanga?

Urashobora gusaba ko duhanahana amakuru nawe mu buryo bwumvikanweko canke mu kibanza cumvikanweko. Utegerezwa kubisaba mu buryo bwanditse hanyuma ukatubwira aho ariho hamwe n'uburyo dukwiye kukuvugishamwo. Tuzogerageza kwubahiriza ivyo wasavye.

Nutubarira ko ukeneye ubundi buryo bwo guhanahana amakuru kugira wirinde itangazwa ry'amakuru ashobora kugushira mu kaga, tuzokwubahiriza ivyo wasavye.

11. Ndashobora kuronka urutonde rw'igihe AHS yasangije n'uwundi muntu amakuru yerekeye amagara yanje?

Urashobora gusaba ibijanye no kumenyeshwa ishirwa ahabona ry' amakuru yerekeye amagara yawe ryakozwe natwe mu gihe c'imyaka itandatu imbere y'igenekerezo ubisabiyeko, uwo twayasangije, hamwe n'igituma. Utegerezwa kubisaba mu buryo bwanditse ku mukozi ajejwe ubuzigamabanga. Amategeko ntadusaba kudondagura ibihe vyose twatanzemwo amakuru yawe. Nk'akarorero, ntidutegerezwa kudondagura incuro zose twasangije amakuru yawe ku mvo z'ubuvuzi za AHS, zo guhamba canke zijanye n'ibikorwa vy'ubuvuzi canke igihe twasangije amakuru yawe twisunze uruhusha ruteyeko igikumuru rwatanzwe nawe.

12. Nzomenyeshwa mu gihe habayeho ukumena ibanga canke ingorane z'umutekano w'amakuru yerekeye amagara yanje?

Tuzokumenyeshwa mu buryo bwanditse nimba harabayeho ukumena amabanga yerekeye amakuru yerekeye amagara yawe. Kumena amabanga biba mu gihe umuntu atabifitiye uruhusha abonye, akoresheje canke ashize ahabona amakuru akingiwe yerekeye amagara mu buryo bunyuranije no gukingira ubuzigamabanga canke umutekano w'amakuru yerekeye amagara. AHS ikoresha uburyo bw'igenzura bwagenwe ku vyerekeye amategeko agenga ubuzigamabanga mu kwerekana nimba amategeko abigenga yarahunyanzwe.

13. Ni ayahe mategeko AHS ikurikiza ajanye no kugira ibanga amakuru yerekeye amagara yanje?

Dukurikiza itegeko rya Reta Zunze Ubumwe ryo mu 1996 rigenga ukubika no kugira ibanga amakuru rizwi nka HIPAA. Turakurikiza kandi amategeko ya Reta Zunze Ubumwe hamwe n'aya Reta akingira amakuru y'ibanga yawe kurusha HIPAA, igihe cose bikenewe. Nk'akarorero, dukurikiza itegeko rya Reta Zunze Ubumwe rijanye n'ubuzigamabanga rigenga imigambi y'ubuvuzi bw'abakoresha ibiyayuramutwe, 42 CFR Igice ca 2, amategeko ya reta agenga ukugira ibanga amakuru yerekeye amagara yo mu mutwe, 18 VSA § 7103, hamwe na 33 VSA § 2092(c).

14. Ndashobora kuronka ikopi y'iri tangazo?

Ego, urafise uburenganzira bwo kuronka ikopi y'iri tangazo. Urashobora kudusaba ikopi umwanya uwo ariwo wose. Ikopi yo mu buhinga bwa none iri ku rubuga rwacu, www.humanservices.vermont.gov

15. AHS irashobora guhindura uburyo ikora ibijanye n'ubuzigamabanga?

Tugumana uburenganzira bwo guhindura uburyo bwo kubika no gushira ahabona amakuru hamwe n'iri tangazo. Impinduka izo arizo zose mu kungene tubikora zizoca zikora no ku makuru akwerekaye dusanzwe dufise hamwe no ku makuru tuzoronka muri kazoza. Tuzatangaza ikopi y'itangazo rishasha iryo ariryo ryose ku rubuga rwacu, www.humanservices.vermont.gov, kandi tuyiguhe biciye mw'iposita.

16. Ninde nokwakura mu gihe mfise ibibazo vyerekeye iri tangazo?

Urasabwa kwakura umukozi ajejwe ubuzigamabanga uciye kuri terefone ya 802-241-0225, no kuri email: AHS.PrivacyAndSecurity@vermont.gov, canke kw'iposita kuri:

Umukozi wa AHS ajejwe ubuzigamabanga
Ku biro vy'umunyamabanga w'ishami rijejwe
ibikorwa vy'abantu
280 State Drive – Center Building Waterbury
VT 05671-1000

17. Nokwitwara gute mu gihe nibaza ko uburenganzira bwanje mu kugirirwa ibanga bwahonyanzwe?

Urashobora kwitwara ku mukozi wacu ajejwe amakuru y'ubuzigamabanga mu buryo bwanditse canke ucishije kuri terefone. Urashobora kandi kwitwara ku biro bijejwe uburenganzira bwa muntu, DHHS, JFK Federal Building Room 1875, Boston, MA 02203, mu kwakura 1-800-537-7697, canke ukaja ku rubuga: <https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>



**Itangazo kw'ikoreshwa ry'amakuru bwite y'ibanga
mw'ishirahamwe rijejwe ibikorwa vy'abantu**
Iri tangazo rizotangura kuja mu ngiro kw'igenekerezo rya 1 Ruheshi 2022

**UKO IBIJANYE N'UBUZIGAMABANGA BIKORWA: AMAKURU
BWITE ARANGA UMUNTU**

Hejuru y'amategeko agenga amakuru y'ibanga yerekeye amagara, AHS irafise amabwirizwa yerekeye ukugira ibanga amakuru aranga abantu duha imfashanyo n'amaseruvise.

Amakuru bwite aranga umuntu ni iki?

Aya makuru yatangujwe canke yakiriwe na AHS canke n'abafatanyabikorwa bayo canke abagenerwabikorwa yerekana, canke ashobora kwerekana, umuntu aronswa seruvise canke imfashanyo muri AHS. Uturorero tw'amakuru aranga umuntu:

- Izina
- Inomero yo kwitegekaniriza
- Itariki y'amavuko
- Aderese
- Nomero ya terefone

Ni ryari AHS isangiza canke igashira ahabona amakuru bwite andanga ntayihaye uruhusha?

Turashobora gusangiza canke gushira ahabona amakuru aranga umuntu mu bikorwa vyo gushira mu ngiro imigambi yacu bwite utaduhaye uruhusha. Ugushira mu ngiro umugambi bisigura ibikorwa vya nkenerwa mu kurangura imirimo ya AHS kandi biba bigizwe n'ibi bikurikira:

- Kwerekana ukwemererwa hamwe n'urugero rw'ibikorwa hamwe n'imfashanyo wasavye kwemererwa, harimwo ukumenya no guhuza ibikorwa muri AHS hamwe no mu bafatanyabikorwa hamwe n'abagenerwabikorwa.
- Gutegura, gutanga, gutunganya, gufasha mu buryo bw'amafaranga canke kuriha ibikorwa hamwe n'ubufasha ku bantu hamwe n'imiryango.
- Guhuza ibikorwa bijanye n'imfashanyo.
- Kumenya ububeshi hamwe n'ikubagurwa.
- Kwitaho igenzura ry'ubwiza bw'ibikorwa hamwe no guteza imbere ibikorwa.
- Ubutabazi bwihuta hamwe no gutabara abahuye n'ikiza.
- Hisunzwe amategeko ya Reta Zunze Ubumwe hamwe n'aya Reta, gushira ahabona hamwe no kurondera imfashanyo kiretse AHS birabujijwe gushira ahabona amakuru ayo ariyo yose yerekeye abasavye kwemererwa canke abemerewe mu nteguho yo kwitegekaniriza mu buvuzi bw'abimukira muri Reta Zunze Ubumwe.

Ni ryari AHS ikeneye uruhusha rwanje imbere yo gusangiza canke gushira ahabona amakuru bwite andanga?

Turakeneye uruhusha rwawe rwanditse kugira dusangize canke dushire ahabona amakuru bwite akuranga yawe kugira:

- Turabe ko wemerewe kuronswa amaseruvise atari ayo usanzwe warasavye kwemererwa.
- Dutunganye amaseruvise yawe n'abayaguha badafise amasezerano canke imfashanyo zacu.
- Duhure n'abahinga hanze ya AHS kugira tugire ico dukuye mu buhinga bwabo.
- Gusangiza amakuru yawe abantu wihitiyemwo.

Udatanze uruhusha mu bihe vyavuzwe haruguru, turashobora kunanirwa gutanga ibikorwa vyose mu bwinshi no mu bwiza wari gushobora kubironkamwo.

Kwemeza ko waronse itangazo*

*Abajewe ubuvuzi bwawe bategerezwa kwizera neza ko ubahaye icemeza canditse ko wakiriye iri tangazo. Iyo icemeza ko wakiriye itangazo kidashoboye kuboneka, umukozi ategerezwa kwandika ivyo yakozwe vyose kugira aronke icemeza ko wakiriye iri tangazo hamwe n'igituma kitashoboye kuboneka.

Ndemeza ko nakiriye ikopi y'iri tangazo.

Bikozwe igenekerezo rya: _____

(Igikumu c'umuntu canke uwumuserukira)

(Izina ry'umuntu canke uwumuserukira)